

Komemorasyon 8 mas : Jounen Mondyal Dwa Fanm Antifeminis nan Leta Rèl òganizasyon fanm yo

SOFA (Solidarité fanm ayisyèn), Kay Fanm, Fanm Saj, AFASDA (Asosyasyon fanm solèy d Ayiti) ak Fondasyon Toya mete ansanm pou make jounen 8 mas la ak yon sitin ki gen 7 estasyon : Plas Katrin Flon sou Channmas, Palè nasyonal, Ministè Lajistis, OMRH (Ofis manajment ak resous iemèn), OPC (Ofis pwoteksyon sitwayen), Primati ak Palman.

8 mas se yon dat senbolik enpòtan pou tout feminis sou latè, kidonk pou militant k ap defann kòz fanm nan ann Ayiti. Se yon moman kote mouvman fanm yo ap komemore batay ki pa sispann mennen pou fè rekonèt epi respekte tout dwa fanm yo, kòm moun, kòm sitwayèn. Se yon moman pou rafrech memwa sou objektif final batay la, ki se tabli yon sosyete ki chouke nan jistis sosyal, nan respè dwa tout moun san paspouki. Se yon moman refleksyon sou eksperyans lit yo, sou blokay yo, sou gany yo, sou estrateji pou konsève aki yo epi kontinye vanse, jistan nou rive nan tobout sistèm patriyakal la ki vle fè kwè se tou nòmal pou gen miwomiba ant fanm ak gason, alòske sa pa natirèl ditou, men se rezilta rapò pouvwa ki tabli nan sosyete a.

8 mas, se Jounen mondyal lit pou dwa fanm. Menm jan premye me, Fèt travay, se pa fèt chak grenn moun ki gen yon djòb, 8 mas se pa jou fèt chak grenn moun ki se fi. Move konprann sou sans jounen 8 mas lan ak mannèv pou banalize li, ta vle fè konprann se jou pou di tout fi « bòn fèt », pou òganize festivite pou yo. 8 mas, se yon okzasyon pou souke konsyans sou tout inegalite ki genyen ant fanm ak gason nan sosyete a ; Pou fè konprann jan tout sosyete a ap benefisyè lè li pran chimen egalite. Konsatou **3 avril, Jounen nasyonal mouvman fanm ayisyèn**, se yon lòt dat senbolik espesyal pou Ayiti ki adopte depi 1996.

Se depi sou lokipasyon meriken 1915 la feminis ayisyèn yo ap fè santi soukous yo, espesyalman sou kesyon vyolans fanm yo t ap sibi anba solda meriken yo. Feminis Lig feminin aksyon sosyal la te sitou travay sou kesyon patisipasyon sitwayèn ak politik epi sou dwa sivil fanm yo. Erityez ki rebran flanbo a depi 1986, apre rejim bout di Divalye a tonbe, rapouswiv sou menm wout la kote yo sitou panche sou 7 gran dosye :

1. **Sante fanm** : swen espesyal pou fanm yo, edikasyon seksyèl, kontrasepsyon, akouchman, avòtman, anviwonman sen (asenisman).
2. **Edikasyon ak fòmasyon pwofesyonèl.**
3. **Travay fanm** : dwa pou bòn/sèvant yo, dwa fanm ouvriyè yo, desitire sistèm restavèk la, konje matènite, menm salè pou travay ki menm oswa ki sanble.
4. **Lalwa** : kaba tout diskrimasyon sou fanm, responsablite papa yo, dwa egale pou tout timoun, pwoteksyon pou tout fanmi kelkanswa fason yon fonde ;
5. **Lamizè** : pwoblèm feminizasyon lamizè.
6. **Vyolans sou fanm** : nesosite pou aplike politik piblik pou derasinen vyolans.
7. **Patisipasyon sitwayèn ak politik fanm.**

Mete sou tout sa, alèkile defansèz dwa fanm yo dwe fè faskare ak mouvman evanjelis yo k ap chache desounen popilasyon yo, k ap kore dominasyon fanm, k ap atake vodou ak kilti popilè a.

***Wout la long, men nou pa p bay legen nan batay la !
Se batay fanm k ap chanje kondisyon fanm !***

Pòtoprens, 8 mas 2018
Yolette Jeanty
Kòdonatris Kay Fanm

Jodi jedi 8 Mas, Jounen Entènasyon dwa fanm yo, 5 òganizasyon feminis: AFASDA, FANM SAJ, KAY FANM, FONDASYON TOYA, ak SOFA, rasanble sou Plas Katrin Flon youn nan ewoyin nasyon, senbòl patriyotis pou di Non ak ANTIFEMINIS LETA k ap pran jarèt chak jou pi plis nan peyi a.

Rasanbleman nou nan Plas Katrin Flon Jodi a, se yon fason pou n reprann espas piblik yo. Se yon fason tou pou n di Katrin Flon te konstwi nasyon sa a pou tout moun fanm kou gason kapab viv lib, egalego ak nan diyite.

Alòske, depi kèk ane nou konstate dirijan yo gen tandans pito meprize tout dosye estratejik pou fanm ki kapab pèmèt lavi nou amelyore. Desizyon dirijan peyi yo pran, plis ale nan sans pou ralanti goumen ak aki mouvman feminis la. Se pou rezon sa yo nou vin pouse 7 rèl doule nan pye manzè Katrin. Nou deside rele chalbarik dèyè kèk zak antifanm, antifeminis ki ap devlope nan Leta jodi a tankou:

1. Desizyon gouvènman an pran pou nonmen nan kèk pòs estratejik moun non yo konn site nan tizonay, kadejak ak vyolans fizik sou fanm ; sa rele **KALBENDAY LETA**.
2. Atitud dirijan yo sou koze mache boule yo. Gwo deklarasyon fèt kòmkiwa se ta yon zak kriminel, kote ankèt ki montre sa, ki dispozisyon ki pran pou akonpaye machann sa yo ki lage 2 bra balanse. Lè Leta pa pran okenn mezi pou kwape kalte zak sa yo, eske se pa yon kat blanch li bay pou touye sosyete a ofiramezi patikilyèman fanm yo ki pi plis nan mache yo ? Konsa **LAVICHE** pi rèd !
3. Etid ki fèt montre aklè, fanm yo plis kòm ti pèsone nan biwo Leta yo malgre konstitisyon an prevwa kota 30% fanm pou piti nan tout espas kote desizyon ap pran. Lè Leta pa pran okenn desizyon politik pou pèmèt fanm yo reprezante nan divès nivo nan administrasyon piblik la, li ankouraje **DOMINASYON FANM** yo.
4. Desizyon komite kanaval 2018 la ki kite yon chantè k ap fè pwomosyon rayisman fanm defile nan pakou a malgre feminis yo atire atansyon yo sou deriv ki te anonse a. Nou konsidere mepri pawòl feminis yo kòm yon manifestasyon Leta **ANTIFEMINIS** la.
5. Fason sistèm jistis la fonksyone pa pèmèt fanm ak tifi ki viktim vyolans jwenn jistis epi kadejakè jwenn bon jan pinisyon ak sanksyon. Sa vle di Leta pa fè okenn dilijans politik pou chanje sistèm k ap kale **ENPINITE** a.
6. Resous peyi a pa sèvi pou amelyore lavi popilasyon an, pou pèmèt fanm yo rale yon souf nan wòl pote sosyete a sou do yo. Chak jou fanm yo ap vin pi pòv pandan yon ti gwoup ap anrichi nan pouvwa granmèsi **KORIPSYON**.
7. **VYOLANS** espesifik ki frape fanm paske yo se fanm nan sosyete a pa di Leta anyen. Konvansyon Leta ratifye pou pwoteje fanm kont vyolans pa aplike. Lwa kont vyolans sou fanm nan kouti depi plis pase 10 lane.

Devan tout agresyon sa yo Leta ap fè sou fanm, 5 Oganizasyon feminis ap pouse 7 rèl kont : Dominasyon fanm, Vyolans sou fanm, Antifeminis, Enpinite, Koripsyon, Kalbenday Leta, Lavichè, pou kòz fanm yo vanse.

Kòz pou fanm jwenn laswenyay epi sispann mouri nan fè pitit ak nan fè avòtman nan move kondisyon epi pou fanm gen aksè ak planin.

Kòz pou fanm travay nan bon kondisyon san dwadkuisaj ak tizonyay.

Kòz pou fanm sispann viv nan povrete, chomaj, grangou, fatra.

Kòz pou kaba ak lavichè k ap dekapitalize fanm.

Kòz pou fanm patisipe nan tout espas kote desizyon ap pran.

Kòz pou fanm viv lib san vyolans.

Feminis yo rasanble nan plas Katrin Flon pou egziye Leta ak soyete a rekonèt valè travay nou ak dwa pou n deside sou lavni nou.

Feminis yo rasanble nan Plas Katrin Flon pou di nou bouke ak demagoji, nou vle bon jan politik piblik k ap pèmèt nou emansipe kòm FANM.

Noumenm Feminis, nou vin di sou Plas Katrin Flon, Jodi 8 mas la, Toutotan Dwa fanm ap pilonnen epi meprize nan sosyete a, n ap kontinye mennen aksyon pou chanje mantalite epi mobilize pou transfòme LETA.

Jodi a n ap pouse 7 rèl doule ki soti nan trip nou, nan matris nou, k ap ravaje sosyete nou an. Nou chwazi 7 enstitisyon Leta pou pouse rèl sa yo. Se pou sa, 2èm estasyon nou chwazi se Palè Nasyon, 3èm kout rèl la pral pouse devan Ministè lajistis. Nou pral pouse 4èm rèl la devan OMRH, 5èm nan devan Palman, Primati ap pran 6èm kout rèl la epi dènye a devan OPC.

Pòtoprens, 8 mas 2018

Sabine Lamour, Kòdonatris jeneral SOFA

Rèl devan Palè nasyonal

- Sitiyasyon sosyal ak ekonomik peyi a grav. Kalbenday nan Leta redwi kapasite l pou li ofri sèvis bay popilasyon yo kòmsadwa. Menm lè Leta resi ofri kèk sèvis de baz, fason li fonksyone a pa pèmèt jwenn bon jan rezilta. Mank transparans, kliyantelis ak koripsyon se maleng ki fè sèvis yo chè epi gen movèz kalite. Fason peyi a pa jere mennen li ak anpile dèt sou dèt, bay lavi chè epi kreye plis inegalite sosyal ak ekonomik.
- Se responsablite Laprezidans pa fè dekwa pou enstitisyon yo fonksyone pou yo sa ranpli misyon yo ki se travay pou byennèt popilasyon yo. Politik paspouki, se pa solisyon an.

Rèl devan Ministè Lajistis

- Grasa travay feminis yo, koze vyolans sou fanm ak tifi vin pale sou laplas piblik epi pi plis moun ap denonse zak vyolans yo.
- Òganizasyon fanm yo degaje yo, kou yo konnen, pou mete sèvis an plas epi kontinye ofri yo sèvis gratis bay fanm ak tifi ki sibi vyolans. Egal, y ap kontribye nan fè travay Leta ki gen responsablite pou pwoteje popilasyon yo, pou mete sèvis an plas.
- Leta pa ka lage chay responsablite sa a sou do òganizasyon fanm yo. Fòk li respekte angajman li pran, nan nivo nasyonal ak entènasyonal, sou koze vyolans lan. Ministè Lajistis dwe travay pou mete an aplikasyon kòmsadwa Plan nasyonal 2017-2027 kont vyolans sou fanm. Ministè Lajistis la dwe aktif nan veye pou fanm yo jwenn jistis san paspouki, ak diyite. Sa vle di, parekzanp, asire pou gen bon jan sèvis asistans legal, epi veye pou tribinal yo fonksyone san paspouki, san koripsyon.

Rèl devan Primati /OMRH : Fondation Toya

Nou vle atire atansyon otorite yo sou nesosite pou kweye bon kondisyon pou pèmèt tifi ak jèn fi grandi nan yon anviwònman ki proteje yo ki valorize yo epi ki ankadre yo. Konsa, nou bezwen bon jan politik pou jenès la, espesyalman pou jèn fi yo.

- Bon jan evestisman nan edikasyon pou konstwiksyon yon lòt sosyete ki bati sou respè, jistis, transparans ak egalite. Leta dwe mete lekòl pwofesyonèl, inivèsite, pou n fòme tèt nou, pou n ka pare pou mache travay la.
- Kò fanm ak tifi pa machandiz. Kilti pou jenès la pa ka redwi nan piblisite ak mizik k ap denigre fanm, videyo pònografik ak pwogram ti sourit. Sa nou vle, se lwazi ki sen, k ap pèmèt jèn fi yo dekouvri talan yo, kwè nan tèt yo. Fòk leta pran mezi pou enstitisyon yo jwe wòl yo nan ankadre jenès la.
- Chomaj lakòz anpil move konsekans sou jenès la, k ap kouri kite peyi a. Twòp jèn fanm ap sibi vyolans, pwostitisyon, akòz move sitiyasyon ekonomik. Koripsyon, politik zanmitay, tizonnay seksyèl anpeche jèn fi yo jwenn plas yo nan administrasyon Leta a. Kilè refòm OMRH prevwa a ap rantre an aplikasyon?

Rèl devan Palman

N ap rele chalbare dèyè :

- Antifeminis nan Leta
- Dominasyon fanm
- Vyolans sou fanm
- Lavi chè
- Enpinite
- Koripsyon
- Kalbenday Leta.

Rèl devan Primati

- 60% popilasyon an ap viv nan lamizè. Fanm yo nan pami moun ki pi pòv yo pou divès rezon tankou : diskriminasyon, chay responsablite yo oblije pote souvan pou kont yo, mòd travay yo fè ki pa valorize, ki pa byen peye, epi politik Leta yo ki pa pran an konsiderasyon kesyon inegalite ant fanm ak gason nan sosyete a, ki pa chita sou bezwen espesyal fanm yo.
- Eksklisyon sosyal fò anpil nan sosyete a. Sa gen gwo konsekans sou estabilite politik ak ekonomik. Anplis de sa, sa reprzante yon kokenn blokay pou popilasyon yo jwi dwa moun yo kòm sadwa.
- Fanm yo rankontre anpil baryè pou devlope potansyèl yo, espesyalman nan sa ki konsène zafè travay. Menm lè fanm yo fòme, li pi difisil pou yo gen aksè sou mache travay la epi anjeneral yo touche salè ki fèb.
- Dènye resasman ki fèt sou fonksyon piblik la an 2014 montre se 32% fanm k ap travay nan enstitisyon Leta yo alòske nan lane 1996 ou te jwenn 44% fanm. Pami moun ki kad yo, gen 3 fwa plis gason pase fanm. Konsatou, kantite jèn yo ap diminye nan administrasyon piblik la.
- Primati se majò jon nan nan kondwi gouvènman an. Egal, se responsabilite li pou garanti enstitisyon Leta ap travay nan sans pou reponn ak bezwen popilasyon, espesyalman sila ki pi frajil yo. Se responsablite primati a pou li veve pou angajman Leta nan zafè dwa fanm respekte. Sa mande pou li pran dispozisyon serye pou pèmèt Ministè Kondisyon fanm nan jwe wòl li kòm sadwa, sa mande pou li mete tout mwayen ki nesèsè an plas pou Plan nasyonal egalite ant fanm ak gason aplike, menm jan ak Plan nasyonal pou konbat vyolans sou fanm. Eitou sa mande pou Leta sispann sitire moun k ap fè vyolans sou fanm, espesyalman zafè abi ak tizonnay seksyèl ki blayi nan administrasyon piblik yo.

Rèl devan OPC

- Edikasyon ak fòmasyon se dwa fondamantal moun.
- Akòz pri disèt wotè pou ekolaj, transpò ak lamanjay, akòz Leta ki minim nan ofri sèvis, dwa pou edikasyon ak fòmasyon pa respekte. Se mezi lajan, mezi wonga ou pou kalite edikasyon an. Jan lekòl yo ap fonksyone, yo repwodwi inegalite sosyal ak yo epi prejije sou fanm. Chif sou edikasyon an montre depans pou lekòl reprezante 10% nan bidjè fanmi yo. Se yon chay ki lou anpil lè nou konsidere tout lòt depans fanmi yo dwe sipòte pou viv, san pifò ladan yo pa ka benefisye èd sosyal. Mete sou sa, nan anpil fanmi se fanm yo ki pote chay yo pou kont yo akòz iresponsablite papa.
- OPC se enstitisyon nasyonal dwa moun. Kidonk fòk li veve sou fason gouvènman an ap aji parapòta ak dwa moun. Sa tou vle di, fòk OPC li menm san repwòch nan zafè respekte dwa moun.